



Pou Piblikasyon Imedya: 12/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGRE ETA A FÈ NAN KONBAT COVID-19

Gouvènè a ankouraje Nouyòkè yo pou kontinye itilize zouti yo pou pwoteje ak trete kont COVID-19 la: Vaksen yo, tès ak tretman

An akò ak ekspirasyon ijans sante piblik COVID-19 federal 11 me a, yo pa pral pibliye ankò kominike pou laprès sou mizajou COVID-19/vaksen Eta New York yo apre jodi a, 12 me

Dènye done yo rete [disponib sou entènèt 24/7](#)

Tout enfòmasyon ak resous piblik COVID-19 yo disponib nan [Coronavirus.Health.NY.Gov](https://coronavirus.health.ny.gov)

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te bay Nouyòkè yo mizajou sou dènye enfòmasyon eta a konsènan COVID-19 epi dekri mezi debaz yo ka pran pou yo ka pwoteje yo kont pwopagasyon enfeksyon viris respiratwa yo.

"Menmsi ijans sante piblik federal la fini, mwen ankouraje chak Nouyòkè rete vijilan kont COVID-19 epi sèvi ak tout zouti ki disponib pou kenbe tèt yo, pwòch yo ak kominote yo an sekirite ak an sante", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Rete ajou nan dòz vaksen yo, epi asire ou fè tès anvan rasanbleman oswa vwayaj. Si ou teste pozitif, pale ak doktè ou konsènan opsyon tretman posib yo".

An akò ak ekspirasyon ijans sante piblik COVID-19 gouvènman federal la pou 11 me, yo pa pral pibliye ankò kominike pou laprès Eta New York sou COVID-19/vaksen apre jodi a, 12 me, jiska nouvellòd. Dènye done sou COVID-19 ak vaksen an pral kontinye disponib 24/7 nan [swivi sou entènèt](#) Depatman Sante Eta New York la. Tout enfòmasyon ak resous piblik COVID-19 yo disponib nan <https://coronavirus.health.ny.gov/>.

Anplis de sa, Depatman Sante (Department of Health, DOH) eta a ap evalye chanjman yo nan koleksyon done ak rapò sou COVID-19 yo an kolaborasyon ak depatman sante lokal yo ak founisè swen sante yo. Apati semèn pwochèn, tablodbò done sa yo ap p ap disponib sou entènèt: [Done sou Dekouvèt COVID-19](#), [Done Vaksinasyon Rejyonal](#), ak

[Done sou Vaksinnasyon Tanporè Eta New York](#). Ajans lan rete angaje pou reponn ak COVID-19 la epi kontinye ankouraje Nouyòkè yo pou kontinye itilize zouti yo pou pwoteje ak trete COVID-19: vaksen yo, tès la ak tretman.

Gouvènè Hochul ap [ankouraje](#) Nouyòkè yo tou pou yo pran mezi prevansyon bon sans yo — tankou rete ajou sou vaksen yo ak pratike bon ijyèn — pou pwoteje kont grip ak COVID-19. Gouvènè a kontinye ankouraje Nouyòkè yo tou pou yo pran vaksen anplis kont COVID-19 yo, jan CDC rekòmande.

Pou pran yon randevou pou yon lòt vaksen COVID-19, Nouyòkè yo ta dwe kontakte famasi lokal pa yo, depatman sante konte lokal yo, oswa founisè swen sante yo; vizite vaccines.gov; tekste kòd postal yo bay 438829; oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn lokal vaksen ki toupre yo. Pou jwenn opsyon tretman, Nouyòkè yo ka itilize [zouti](#) sa a pou jwenn yon kote ki bon pou yo.

Yo rezime Done COVID-19 pou chak semèn anba la a:

- **Kantite Ka pou Chak 100 Mil Moun an Mwayèn sou 7 Jou - 2.59**
- **Total Ka Pozitif Pandan 7 Dènye Jou yo - 3,537**
- **Rezilta tès yo rapòte pandan 7 dènye jou yo- 164,944**
- **Total Pozitif jiska dat - 6,678,930**
- **Kantite Pasyan Ki Entène Lopital sou 7 Jou an Mwayèn - 576**
- **Kantite Pasyan ki Fèk Entène sou 7 Jou an Mwayèn - 83**
- **Kantite Pasyan nan Inite Swen Entansif (ICU) sou 7 Jou an Mwayèn - 61**
- **Kantite Pasyan nan Inite Swen Entansif (ICU) avèk Entibasyon sou 7 Jou an Mwayèn - 28**
- **Nouvo ka lanmò etablisman swen sante yo rapòte atravè HERDS pandan 7 dènye jou yo - 32**
- **Etablisman swen sante yo rapòte total lanmò yo atravè HERDS - 62,520**

Sistèm Done Repons Elektwonik sou Sante a (Health Electronic Response Data System, HERDS), se yon sous done Depatman Sante Eta a ki kolekte done sou lanmò chak jou ki konfime nan lopital, mezon retrèt ak etablisman swen adilt yo rapòte yo sèlman.

- **Total ka lanmò CDC a rapòte epi konpile - 79,569**

Done pwovizwa sou sètifika lanmò COVID-19 pa jou ke Depatman Sante Eta a ak Vil New York rapòte bay CDC a enkli moun ki mouri nan nenpòt lokal, ki enkli lopital, mezon retrèt, etablisman swen sante, lakay yo, nan ospis ak lòt etablisman yo.

- **Total dòz vaksen yo administre - 44,069,867**
- **Total dòz vaksen yo administre pandan 7 jou ki sot pase yo - 34,987**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran tout seri vaksen prensipal yo - 85.6%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran tout seri vaksen prensipal yo (CDC) - 90.8%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki ajou - 16.9%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 12-17 ane ki pran tout seri vaksen prensipal yo - 74.7%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 12-17 ane ki pran tout seri vaksen prensipal yo (CDC) - 76.5%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 12-17 ane ki ajou - 6.8%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 5-11 ane ki pran tout seri vaksen prensipal yo - 40.3%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 5-11 ane ki pran tout seri vaksen prensipal yo (CDC) - 41.2%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 5-11 ane ki ajou - 4.2%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 0-4 ane ki pran tout seri vaksen prensipal yo - 8.2%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 0-4 ane ki ajou - 8.2%**
- **Pousantaj tout Nouyòkè ki pran tout seri vaksen prensipal yo - 76.6%**
- **Pousantaj nan tout Nouyòkè ki pran tout seri vaksen prensipal yo (CDC) - 81.0%**
- **Pousantaj tout Nouyòkè ki ajou - 14.7%**

Kantite ka pou chak 100,000 moun an mwayèn sou 7 jou pou chak rejyon apati jedi 10 me:

Rejyon	Kantite Ka pou Chak 100 Mil Moun an Mwayèn sou 7 Jou
Capital Region	1.54
Central New York	1.57
Finger Lakes	2.22
Long Island	3.19
Mid-Hudson	2.74

Mohawk Valley	1.62
New York City	2.94
North Country	2.11
Southern Tier	1.42
Western New York	1.65
Nan tout Eta a	2.59

Yo ankouraje Nouyòkè k ap chèche pran randevou pou vaksen pou timoun ki gen 5-11 zan yo pou yo kontakte pedyat pitit yo a, doktè fanmi yo, depatman sante konte yo, Sant Sante ki Kalifye nan nivo Federal (Federally Qualified Health Centers, FQHCs) yo, sant sante riral yo, oswa famasi ki ka bay vaksen yo pou gwoup laj sa a. Paran yo ak gadyen yo ka vizite [vaccines.gov](https://www.vaccines.gov), voye mesaj tèks kòd postal yo nan 438829, oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn lokal ki tou pre yo. Asire w ke founisè a ofri vaksen Pfizer-BioNTech COVID-19 la, paske lòt vaksen COVID-19 yo pa ko otorize pou gwoup laj sa a.

[Sitwèb](#) Depatman Sante eta a gen nouvo enfòmasyon, kesyon ak repons yo poze souvan yo, ak resous ki fèt espesyalman pou paran ak gadyen nan gwoup laj sa a.

Done Vaksinasyon Rejyonal yo dapre Lokal Founisè a

Total Nouyòkè kimile ki vaksinen ak pran dòz rapèl selon rejyon jewografik yo prezante konsa:

Rejyon	Seri ki acheve	Ajou
Capital Region	912,084	236,357
Central New York	614,771	151,223
Finger Lakes	833,752	252,961
Long Island	2,027,741	389,951

Mid-Hudson	1,577,843	351,457
Mohawk Valley	312,343	72,046
New York City	7,495,047	1,054,214
North Country	285,915	64,664
Southern Tier	420,755	111,403
Western New York	915,744	238,576
Nan tout Eta a	15,395,995	2,922,852

[Tablodbò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19](#) (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen kont COVID-19 la. Depatman Sante Eta New York egzije pou enstalasyon vaksinasyon yo rapòte tout done administrasyon vaksen COVID-19 yo nan 24è oplita; y ap aktyalize done administrasyon vaksen ki sou tablodbò a toulejou pou chif yo reflekte kontaj ki pi resan pou kanpay vaksinasyon Eta a. Depatman Sante Eta New York la rapòte ki done ki soti nan NYSIIS ak CIR diferan lejèman pa rapò ak done ki rapòte sou plan federal la, ki enkli dòz yo bay sou plan federal yo ak lòt ti diferans. Toulede chif yo enkli nan piblikasyon ki anlè la a.

Nòt Enpòtan: Rapò jodi a gen ladan done ki soti nan vandredi 5 me jiska jedi 11 me.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)